



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-755

Sijè: PREVANSYON/ENTÈVANSYON KONT SUISID

Kategori: ELÈV

Pibliye: 25/07/2024

### REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase A-755 ki gen dat 18 out 2011 la.

Yo reòganize lòd jeneral règleman an pou plis presizyon ak pou ede ou konprann li pi byen.

Yo ranplase dokiman ak materyèl ki vini avèk règleman an ak Hyperlinks nan materyèl yo.

Yo fè modifikasyon nan kontni règleman an nan fason sa yo:

#### Seksyon I:

- Li fè mizajou nan enfòmasyon debaz pou prevansyon kont suisid. (I.A.)
- Li ajoute pou di objektif pou prevansyon suisid la se pou edike kominote lekòl yo sou siy avètisman suisid ak faktè ki ka kontribye nan konpòtman suisid. (I.B.)
- Li eksplike ke règleman sa a bay konsèy ak resous pou lekòl yo konprann siy avètisman ak reponn yon fason apwopriye lè gen lide suisid, tantativ suisid, oswa kriz ki gen rapò avèk li. (I.C.)
- Li klarifye ke lekòl yo pa ka mande oswa egzije yon lèt nan men yon sikyat pou deklare elèv la pa gen yon pwoblèm mantal kòm yon kondisyon pou yon elèv vini oswa tounen lekòl. (I.D.)

#### Seksyon II:

- Li ajoute yon seksyon pou definisyon epi defini tèm ki enpòtan yo.

#### Section III:

- Li fè mizajou nan gid pou moun ki dwe sèvi nan Ekip pou Kriz lekòl la, men tou manm ekip pou Kriz lekòl la dwe travay apentan nan lekòl la. (III.B.)
- Li mande pou chak direktè deziyen yon Lyezon pou Prevansyon kont Suisid (Suicide Prevention Liaison, SPL) epi defini wòl SPL la. (III.D.)
- Li fè mizajou nan responsablite ekip pou kriz lekòl la. (III.E.)
- Li ajoute kondisyon pou reyinyon ekip pou kriz lekòl la. (III.F.)

#### Section IV:

- Li ajoute detay sou plan pou entèvansyon pou kriz nan lekòl. (IV.A–B.)
- Li fè referans ak [Règleman Chanselye A-411](#) a pou plis kondisyon ki gen rapò avèk Plan pou entèvansyon kriz. (IV.D.)

- Li ajoute detay sou kisa seksyon pou prevansyon kont suisid/entèvansyon plan pou kriz la dwe genyen ladan I. (IV.E.)

#### Seksyon V:

- Li klarifye tan ak kondisyon pou fòmasyon anyèl sou règleman sa a. (V.A.1.)
- Li ajoute kondisyon pou SPL resevwa fòmasyon sou Lyezon Prevansyon kont Suisid chak ane. (V.A.2.)
- Li mansyone fòmasyon ki obligatwa pou manm ekip pou kriz lekòl la. (V.A.3-4.)
- Li bay detay sou resous ki pral disponib pou paran, fanmi, ak kominote lekòl yo. (V.B.1-3.)
- Li klarifye ke lekòl yo oblije bay tout elèv edikasyon sante, nan yon fason ki apwopriye pou laj yo, ki gen ladan ansèyman sou sante mantal. (V.B.4.)

#### Seksyon VI:

- Fè mizajou nan etap yo dwe pran chak fwa pèsònèl lekòl la aprann oswa yo fè yo konnen gen byon elèv ki riske touye tèt li. (VI.C.)
- Fè mizajou nan etap yo dwe pran lè yo enfòmasyon pèsònèl lekòl la sou yon tantativ suisid k ap fèt nan lokal lekòl la. (VI.D.)

#### Seksyon VII:

- Fè mizajou nan etap gerizon elèv ki soti nan chagren ak detrès (*postvention*) yo dwe pran apre yon suisid nan oswa afekte kominote lekòl la.

#### Seksyon VIII:

- Ajoute kondisyon pou direktè/repzantan an pou kontakte Sant Enfòmasyon pou Ijans (EIC) chak fwa gen yon suisid oswa tantativ suisid nan oswa afekte kominote lekòl la. (VIII.A.1.)
- Li klarifye kondisyon pou ranpli yon rapò sou entènèt (VIII.B.)

#### Seksyon IX:

- Li modifiye enfòmasyon sou moun pou kontakte pou jwenn sipò teknik.

#### Seksyon X:

- Li modifiye enfòmasyon sou moun pou kontakte pou jwenn enfòmasyon.

Nimewo: **A-755**

Sijè: **PREVANSYON/ENTÈVANSYON KONT SUISID**

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: **25 jiyè 2024**

### REZIME

Règleman sa a modifye ak ranplase Règleman Chanselye A-755 ki gen dat 18 out 2011. Règleman sa a konsantre sou wòl lekòl la nan jesyon konpòtman suisid posib ak reyèl epi li gen prensip pou ede chak lekòl nan kreyasyon yon Plan entèvansyon sou Kriz nan lekòl *School Crisis Intervention Plan*. Se responsablite chak manm estaf pou rapòte sa yo konnen sou nenpòt ka suisid ki posib ba direktè a oswa ba lyezon yo nome a menm si elèv la te mande pou enfòmasyon an rete konfidansyèl. Se sèlman estaf sante mantal tankou konseye pedagogik, sikològ, asistan sosyal ak sikyat ki ka bay sèvis sou konsèy ki apwopriye. Ekip pou kriz lekòl la dwe genyen yon moun ki deziyen kòm lyezon pou prevansyon suisid ("Suicide Prevention Liaison, SPL").

## I. ENTWODIKSYON

- A. Gen kèk elèv k ap lite avèk lide suisid klèman epi dirèkteman pale avèk lòt moun pou èd. Pifò kominikasyon sou suisid, sepandan, se mwens dirèk ak klè. Elèv k ap panse a suisid, konsyan oswa enkonsyaman, souvan bay endikasyon epi montre siy avètisman ki endike ke yon elèv ap lite epi byento ka gen risk pou angaje nan konpòtman suisid. Pandan ke siy avètisman pa nesèsman vle di yon elèv pral eseye touye tèt li, yo endike yon bezwen pou yon repons imedyata epi yo dwe toujou pran li oserye. Kidonk, li enpòtan pou tout pèsònèl lekòl la (pedagogik ak ki pa pedagogik) rekonèt epi konprann siy avètisman sa yo epi kòman pou yo pran fè swivi ki apwopriye.
- B. Objektif prevansyon suisid atravè edikasyon se pou fè plis motivasyon nan kominote lekòl la (pèsònèl pedagogik/ki pa pedagogik, paran, elèv, etc.) sou siy avètisman oswa faktè ki ka kontribye nan konpòtman suisid, epi jwenn sèvis prevansyon/entèvansyon ki apwopriye. Yo dwe chèche byen konprann siy avètisman yo, ansanm ak lòt faktè ak siy nan chak sikonstan patikilye. Resous yo disponib sou [sitwèb pou sipò katastwòf](#) DOE a.
- C. Règleman sa a bay lekòl yo konsèy pou yo konprann siy avètisman ak repons yon fason apwopriye lè gen lide suisid, tantativ suisid, oswa kriz ki gen rapò avèk li.
- D. Lekòl yo pa ka mande oswa mande yon lèt otorizasyon sante mantal oswa enpoze lòt kondisyon kòm yon kondisyon pou yon elèv ale oswa retounen nan lekòl la oswa nan klas la.

## II. DEFINISYON

Pou rezon règleman sa a ak chita pale sou prevansyon kont suisid ak entèvansyon, definisyon sa yo aplike:

- A. Nan risk: Risk suisid egziste yon fason kontinyèl avèk divès nivo risk. Chak nivo risk mande lekòl la ak distri a pou yo aji yon fason diferan nan entèvansyon.
- B. Paran: Li dwe genyen siyifikasyon ki tabli nan [Règleman Chanselye A-101](#) eksepte pou rezon règleman sa a, y ap kontinye enfòmè paran an oswa enkli li menm si elèv la gen laj 18 an. Tèm "paran" an, kèlkeswa lè yo itilize nan règleman sa a ap vle di paran elèv la oswa tout moun oswa ajans ki jwe wòl paran oswa ki gen responsab elèv oswa nenpòt moun paran mete pou aji kòm paran (*loco parentis*).
- C. Evalyasyon risk: Sa vle di evalyasyon yon elèv ki ka gen risk pou suisid. Se Lyezon Prevansyon kont Suisid la, yon lòt manm nan ekip pou kriz lekòl la, pèsonèl ki resevwa fòmasyon nan yon klinik sante mantal nan lekòl la, yon manm ki resevwa fòmasyon nan yon òganizasyon ki baze sou kominote a, oswa yon manm pèsonèl lekòl la chwazi (pa egzanp; sikològ lekòl la, travayè sosyal, konsèyè lekòl, oswa nan kèk ka, administratè lekòl ki resevwa fòmasyon) ki fè evalyasyon risk yo. Evalyasyon sa a fèt pou jwenn enfòmasyon konsènan entansyon elèv la pou l mouri pa suisid, istwa avan tantativ suisid, prezans yon plan suisid ak nivo dezast ak disponiblite li, prezans sistèm sipò, nivo dezespwa ak enpousans, estati mantal, ak lòt faktè risk ki enpòtan.
- D. Lide suisid: Sa vle di chita reflechi sou li, konsidere oswa planifye yon konpòtman pou blese tèt k ap lakòz lanmò. Yo konsidere anvi pou mouri san yon plan oswa entansyon pou fini avèk lavi w kòm lide suisid epi yo dwe pran sa oserye.
- E. Konpòtman suisid: Sa vle di tantativ suisid, blese tèt ou ki asosye omwen avèk yon nivo entansyon, devlope yon plan oswa estrateji pou suisid, rasanble mwayen pou yon plan suisid, oswa nenpòt lòt aksyon ki ka pwouve oswa panse ki endike entansyon pou touye tèt.
- F. Tantativ suisid: Sa vle di konpòtman ki montre prèv kote moun lan te omwen eseye blese tèt li nan entansyon pou l mouri.
- G. Suisid: Sa vle di lanmò ki rive avèk konpòtman kote w blese pwòp tèt ou avèk nenpòt entansyon pou mouri akòz konpòtman an.

## III. EKIP POU KRIZ LEKÒL

- A. Repons efikas pou kriz mande pou aji rapid epi kowòdone, kite liy pou kominike yo disponib, ak etabli patenarya pou satisfè bezwen emosyonèl moun ki afekte yo.
- B. Chak direktè lekòl dwe etabli yon ekip pou entèvansyon kriz nan lekòl (“Ekip pou Kriz”). Ekip pou Kriz la se yon ekip miltidisciplinè. Manm ekip yo dwe travay apentant nan lekòl la epi yo dwe gen ladan, omwen, yon administratè lekòl, konseye lekòl ak/oswa travayè sosyal, pwofesè, manm ekip sipò nan lekòl la, espesyalis pou Prevansyon ak Entèvansyon izaj dwòg/alkòl (Substance Abuse Prevention and Intervention Specialists, SAPIS), ak enfimyè lekòl, ak/oswa Founisè Sante Mantal nan Lekòl la (School Based Mental Health Providers, SBMHP) si lekòl la gen pèsònèl nan pozisyon sa yo.
- C. Ekip pou Kriz la dwe genyen yon Lidè Ekip pou Kriz ak yon Lyezon pou Prevansyon Suisid (Suicide Prevention Liaison, SPL), ak lòt wòl jan sa endike nan Plan Konsolide a. Yon moun ka okipe plizyè wòl eksepte Lidè pou Kriz la. Si yon manm nan Ekip pou Kriz la kite lekòl la oswa li pa kapab ranpli responsablite yo, direktè a/reprezantan an dwe idantifye yon manm ranplasan.
- D. Li rekòmande pou moun ki deziyen kòm SPL la se yon konseye lekòl, yon travayè sosyal lekòl, oswa yon konseye pedagogik. Si lekòl la pa gen yon manm pèsònèl nan nenpòt nan tit sa yo, moun ki deziyen kòm SPL la dwe yon lòt moun ki travay apentant nan lekòl la. SPL la sèvi kòm pwèn kontak ak resous sou prevansyon kont suisid ak entèvansyon. SPL la dwe resevwa fòmasyon nan evalyasyon risk suisid ak pwotokòl pou prevansyon/entèvansyon kont suisid. Si SPL a pa kapab fè devwa li pou yon peryòd pwolonje, direktè lekòl la dwe deziyen yon lòt moun pou sèvi sou yon baz pwovizwa jiskaske SPL la retounen. Si yo pozisyon SPL la vid, yo dwe nonmen yon nouvo SPL san pèdi tan.
- E. Responsablite prensipal Ekip pou Kriz la se: evalye ak adrese bezwen emosyonèl elèv yo, estaf, ak kominote lekòl la pandan ak apre yon kriz; jwenn aksè nan sipò ak entèvansyon pou moun ki afekte yo; bay sipò de-eskalasyon; ankouraje restorasyon anviwònman aprantisaj la; idantifye resous lekòl la ak kominote a pou sipòte elèv yo, estaf yo ak paran yo (pa egzanp: lopital, ekip mobil kriz, ajans sante mantal, klinik sante mantal ki nan lekòl la, pèsònèl ki resevwa fòmasyon nan de-eskazyon kriz, etablisman ki fè evalyasyon sante mantal ijan/menm jou a); devlope epi aplike estrateji pou prevansyon; epi fasilite epi bay devlopman pwofesyonèl.
- F. Ekip pou Kriz la dwe rankontre omwen yon fwa pa mwa epi jan sa nesesè pou preparasyon, revize pwosedi, resous, ak fè fòmasyon, epi evalye nesesite pou sipò kontinye kote yon kriz mande yon repons kontinyèl. Yo dwe kenbe yon ajanda ak prezans pou reyinyon sa yo nan dosye.

## IV. PLAN ENTÈVANSYON NAN SITIYASYON KRIZ

A. Chak Ekip pou Katastwòf nan lekòl dwe konplete yon Plan pou entèvansyon Kriz kòm yon seksyon nan Plan konsolide pou Devlopman lekòl ak Fòmasyon jèn. Plan Entèvansyon Kriz gen plizyè seksyon, ladan seksyon yo dekri pi ba a. Plan Entèvansyon Kriz la dwe revize chak ane epi mete ajou jan sa nesèsè. Yo dwe ranpli epi pataje plan yo avèk tout estaf pedagojik ak ki pa pedagojik avan 31 oktòb chak ane.

B. Gade [Règleman Chanselye A-411](#) a pou jwenn detay sou eleman obligatwa nan plan kriz lekòl la. Chak Plan Entèvansyon pou Kriz dwe genyen tou pwosedi pou reponn a yon kriz/evènman twomatik; pwosedi notifikasyon pou avèti elèv, estaf ak paran yo sou yon kriz; plan pou devlopman pwofesyonèl pou satisfè bezwen emosyonèl moun ki afekte nan yon kriz; resous kominotè ak patenarya.

C. Chak plan entèvansyon pou kriz dwe gen yon plan entèvansyon pou kriz nan lekòl ki fikse mezi lekòl la ap pran pou bay sèvis entèvansyon ak sèvis sipò pou elèv ki prezante konpòtman ki gen rapò avèk suisid. Plan an dwe:

1. Idantifye resous nan kominote ak lekòl ki adispozisyon lekòl la ak paran yo (*pa egzanp*: klinik sante mantal, ekip mobil pou sitiyasyon kriz, klinik ki ofri evalyasyon sante mantal ijan/menm jou a).
2. Idantifye yon plan pou Devlopman Pwofesyonèl konsènan prevansyon kont suisid ak entèvansyon.
3. Konsidere mezi ak aktivite prevansyon/entèvansyon nan edikasyon ak mezi apre entèvansyon (suivi).
4. Mete non estaf ki patisipe nan aplikasyon plan an avèk wòl ak responsablite li.

## V. DEVLOPMAN PWOFEYONÈL AK RESOUS

A. Devlopman Pwofesyonèl pou Estaf

1. DOE dwe bay estaf lekòl yo fòmasyon anyèl (pedagojik ak non-pedagojik) dapre Règleman sa a, ki gen ladan konsyantizasyon debaz sou suisid, plan prevansyon suisid lekòl la, faktè risk pou yo pran risk pou yo touye tèt yo, konpòtman ki pran risk, endikatè ki kapab idantifye, pwosedi referans, estrateji suivi, ak sansibilize estaf yo sou bezwen espesyal etidyan ki ka touye tèt yo. Fòmasyon an dwe fini avan 31 oktòb chak ane lekòl. Gade [Règleman Chanselye A-411](#) a pou lòt fòmasyon ki gen rapò avèk kriz. Ou ka jwenn lòt materyèl sou konsyantizasyon suisid sou sitwèb DOE a nan [sipò pou kriz](#).
2. SPL yo dwe resevwa fòmasyon Lyezon pou Prevansyon kont Suisid chak ane konsènan evalyasyon risk, entèvansyon kriz, ak notifikasyon ak pwotokòl pou bay rapò DOE. Si yo ranplase SPL la pandan ane lekòl la, yo dwe nonmen yon nouvo SPL epi ba li fòmasyon nan espas 30 jou.

3. Manm Ekip Kriz yo dwe resevwa fòmasyon sou pwosedi entèvansyon, tankou evalyasyon risk suicid, planifikasyon sekirite endividyèl pou risk suicid, avèti paran, ak pwosedi retounen nan lekòl ki gen rapò avèk risk suicid. Konseye lekòl, travayè sosyal, ak sikològ lekòl yo ta dwe resevwa fòmasyon sa a tou.
  4. Manm ekip kriz yo dwe tou resevwa devlopman pwofesyonèl kontinyèl sou sijè ki gen rapò avèk kriz ki gen ladan, men pa limite a, ankouraje byennèt; konsyantizasyon suicid; prevansyon ak *postvention*; fason lekòl la aji nan lanmò twomatik, pèt, ak dèy; ak kalme kriz konpòtman. Gade [Règleman Chanselye A-411](#) a pou plis sijè fòmasyon pou manm ekip Kriz yo.
- B. Postè pou prevansyon kont suicid
1. Chak lekòl dwe byen afiche postè “Prevansyon kont suicid” yo kote yo panse tout elèv, paran ak estaf ka byen wè l. Afich yo dwe gen non lyezon SPL an. Lekòl yo ta dwe fè efò pou poste enfòmasyon sa yo pi bonè posib nan ane lekòl la.
- C. Lòt Edikasyon ak Resous
1. DOE pral afiche materyèl sou sitwèb li a sou suicid jèn yo, siy avètisman li yo, kòman pou reponn si yon timoun a risk, ak fason pou jwenn plis èd nan lekòl la ak nan kominote a.
  2. SPL dwe asire lis manm Ekip Kriz yo ak pwosedi entèvansyon yo afiche byen klè.
  3. Edikasyon Elèv: Lekòl yo oblije bay edukasyon sou sante pou tout elèv, nan yon fason ki apwopriye pou laj yo, tankou ansèyman sou sante mantal.

## VI. PWOSEDI POU ENTÈVANSYON

- A. Chak manm estaf dwe rapòte sa yo konnen sou tout tantativ oswa posiblite suicid ba direktè a oswa ba lyezon yo nome a menm si elèv la mande pou yo kenbe enfòmasyon li konfidansyèl.
- B. Lekòl yo pa ka mande oswa egzije yon lèt otorizasyon sante mantal oswa enpoze lòt egzijans kòm yon kondisyon pou yon elèv ale oswa retounen nan lekòl la oswa nan klas la.
- C. Lide suicid
1. Chak fwa pèsonèl lekòl la gen konesans oswa yo fè konnen yon elèv ka riske suicide tèt li, yo dwe pran etap sa yo imedyatman:
    - a) Elèv la dwe toujou rete sou siveyans pou asire sekirite li.
    - b) Manm estaf lekòl la dwe enfòmè direktè a oswa reprezantan an imedyatman.
    - c) Direktè/reprezantan an dwe avèti SPL la imedyatman, oswa lòt manm Ekip Kriz la ki te resevwa fòmasyon pou prevansyon kont suicid; imedyatman apre sa avèti paran an pou fè li konnen elèv la riske suicide tèt li. Si elèv la fè direktè a/reprezantan li konnen li gen enkyetid pou sekirite li konsènan notifikasyon paran an, direktè a/reprezantan li ta dwe

pale avèk Senior Field Counsel li a pou detèmine kijan pou l kominike avèk paran an, avèk sipò ki apwopriye pou elèv ak konsiderasyon pou enkyetid sou vi prive ak sekirite.

d) SPL/reprezantan an dwe fè yon evalyasyon risk.

2. Entèvansyon:

a) Yo dwe bay elèv la sipò ak entèvansyon imedya jan sa apwopriye dapre evalyasyon risk la.

b) Nan yon jou lekòl apre elèv la retounen lekòl, SPL, ansanm avèk manm ki enpòtan nan Ekip Kriz la, estaf lekòl la, ak elèv la (kote sa apwopriye), dwe prepare yon plan sipò ak sekirite pou elèv la. Yo pral devlope Plan sipò ak sekirite a avèk enfòmasyon ki nan evalyasyon Risk la, ansanm avèk lòt bagay tou. Si elèv la absan nan lekòl la, yo dwe tann jiskaske elèv la retounen pou kreye ak/oswa fini plan an. Plan an ka gen ladan:

- i. kenbe kontak avèk elèv la ak fanmi l.
- ii. mezi prevansyon apwopriye si elèv la te endike aksè nan mwayen pou eseye suisid.
- iii. kominike avèk SBMHP, lekòl, ak ajans sante mantal yo.
- iv. ede elèv la adapte l epi jere bagay ki bay estrès nan lekòl ak lòt estrès.
- v. adapte pwogram lekòl la lè li apwopriye.
- vi. entegre sèvis lekòl ak èd ki soti lòt kote.

c) Y ap bay paran an yon kopi plan ak rekòmandasyon pou suivi sante mantal ak resous pou kriz 24 sou 24.

d) Si elèv la montre li gen aksè nan mwayen pou tante suisid, yo dwe enfòme paran an sou mezi pou prevansyon ki apwopriye. Anplis, yo ta dwe konseye paran sou “limit mwayen yo,” limite aksè timoun lan nan mwayen pou l reyalize tantativ suisid la (sa vle di zam oswa medikaman/dwòg danjre).

D. Tantativ suisid

1. Pwosedi ki pi ba yo aplike nan ka kote yon manm estaf vin okouran de yon tantativ k ap fèt nan lokal lekòl la. Kote estaf yo vin konnen yon dènye tantativ andeyò lekòl la, al gade nan seksyon 3 pi ba a pou wè pwosedi ki aplikab yo. Byennèt fizik, sante mantal, ak sekirite imedya elèv la enpòtan anpil.

a) Mezi Entèvansyon Imedya. Lè yon manm estaf okouran yon tantativ suisid, li dwe pran mezi sa yo:

- i. Elèv la dwe toujou rete sou siveyans pou asire sekirite li. Yo pa dwe pèmèt elèv la kite lekòl la poukont li.
- ii. Manm estaf la dwe enfòme direktè a oswa reprezantan l imedyatman.



- (a) Direktè a/reprezantan an dwe fè tout efò posiblite pou avèti paran an (pa telefòn oswa, si paran an pa reponn apèl la, tèks, imèl, oswa mesaj vokal) epi rele yo swa nan lekòl la oswa nan lopital la. Al gade [Règleman Chanselye A-663](#) a konsènan sèvis entèpretasyon lè w ap kominike avèk paran yo. Si yo pa ka jwenn paran an, direktè a/reprezantan an ta dwe eseye avèti kontak ijans elèv la idantifye sou kat kontak pou ijans la. Si elèv la fè direktè a/reprezantan an konnen li gen enkyetid pou sekirite li sou enfòmasyon yo pral pataje avèk paran an, (pa egzanp, rezon ki fè tantativ suisid la oswa lide suisid), direktè a/reprezantan an ta dwe pale avèk Senior Field Counsel li a pou detèmine kijan pou l kominike avèk paran an, avèk sipò ki apwopriye pou elèv ak konsiderasyon pou enkyetid sou vi prive ak sekirite.
- iii. Yo ta dwe konvoke manm Ekip Kriz la, espesyalman SPL la sou sèn lan.
- iv. Si elèv la blese, manm pèsònèl la dwe asire pwosedi premye swen apwopriye yo administre lè li kontakte enfimyè lekòl la oswa lòt pèsònèl medikal nan bilding lan.
- v. Si yo bezwen swen medikal ijans, yon manm nan Ekip Kriz la, oswa yon manm pèsònèl la si pa gen okenn manm nan Ekip Kriz la ki disponib, dwe rele 911 dapre pwosedi pou ensidan ki mande asistans medikal ijans ki nan [Règleman Chanselye A-412](#) a.
- (a) Si paran an rive lekòl la oswa yo pale nan telefòn avèk li epi li mande pou yo pa mennen elèv la lopital, pèsònèl 911 ki prezante a ap pran enfòmasyon enpòtan nan men estaf DOE a, paran an ak lòt estaf kòm sadwa pou wè si l k ap fè sa paran an mande l pa fè a dapre règleman ak pwosedi pou refize èd medikal Depatman Ponpye nan Vil Nouyòk (*Fire Department of New York, FDNY*).
- (b) Si estaf lekòl la pa ka kontakte paran elèv la, pèsònèl 911 ki prezante a ap pran enfòmasyon enpòtan nan men estaf DOE (i) ak lòt moun apwopriye epi apre l ap detèmine si elèv la bezwen (i) tretman medikal ak/oswa transpòt ijans. Si yo decide pou transpòte elèv la lopital, yon manm estaf lekòl la dwe akonpaye elèv la. Si paran an pa vini nan fen jounen lekòl pou akonpaye manm estaf la, manm estaf la dwe kontakte direktè a/reprezantan l pou l mande yo ki sa li dwe fè.

- vi. Si yo detèmine ke elèv la pa bezwen tretman ijans ak/oswa transpò, responsab lekòl la ak paran an dwe chita pale sou etap pou fè suivi ki apwopriye ki endike pi ba a.
- b) Pwosedi apre entèvansyon/suivi. Direktè a/reprezantan an dwe pran mezi sa yo apre tantativ suisid la pou sipòte elèv la ak paran an. Pwosedi sa yo aplike lè yo te fè yon tantativ nan lekòl la oswa yo enfòmè lekòl la sou nenpòt tantativ deyò:
  - i. Yo dwe bay elèv la sipò ak entèvansyon imedya jan sa apwopriye. Direktè a/reprezantan l dwe travay avèk ekip kriz la pou evalye risk timoun lan epi ofri sèvis ak entèvansyon ki apwopriye pou li ka retounen lekòl an sekirite.
  - ii. Kenbe kontak avèk elèv la ak fanmi l.
  - iii. SPL oswa yon manm nan Ekip Kriz la dwe kominike sou yon baz kontinyèl jan sa apwopriye avèk SBMHP a, lopital, ajans sante mantal, oswa yon founisè sèvis tretman pou jwenn sipò lekòl kote sa apwopriye.
  - iv. Ede elèv la adapte l ak jere bagay ki bay estrès nan lekòl.
  - v. Adapte pwogram lekòl la lè li apwopriye.
  - vi. Lè elèv la retounen lekòl, li dwe kontinye resevwa ansèyman apwopriye.
  - vii. Si ensidan an kreye yon enpak sou pi gwo kominote lekòl la, yo dwe rele Ekip Kriz la pou ede estaf ak elèv yo simonte sitiasyon an.
  - viii. Lè yon elèv tante suisid oswa prezante konpòtman pou posiblite suisid, estaf lekòl la ta dwe voye yon rekòmndayon ba CSE oswa mande yon reyinyon 504. Pou enfòmasyon sou kòman pou fè yon reyinyon 504, tanpri gade [Règleman Chanselye A-710](#)

## VII. POSTVANSYON APRE YON SUISID NAN OSWA AFEKTE KOMINOTE LEKÒL LA

- A. Direktè a dwe notifiye sipèentandan an ak EIC sou suisid la.
- B. Postvention se dispozisyon pou entèvansyon apre suisid yon moun nan kominote lekòl la. Objektif postvention yo se pou: 1) adrese swen pou sivivan ki grav, moun k ap bay swen yo, ak founisè swen sante yo; 2) destigmatize trajedi suisid la epi ede ak pwosesis rekiperasyon, epi 3) sèvi kòm prevansyon segondè pou minimize risk suisid akòz moun lan paka fè dèy, risk pou ankouraje konpòtman suisid, oswa chòk yo poko simonte.
  - 1. Lekòl yo dwe genyen pwosedi anplas pou idantifye epi fè suivi avèk estaf ak elèv ki afekte pa yon lanmò.
  - 2. Direktè/reprezantan an dwe angaje Ekip Kriz la pou evalye ki etap yo ta dwe pran pou asire sekirite ak byennèt kominote la . Suivi yo ka gen ladan sipò

pou lapenn, sante mantal oswa referans chòk, ak/oswa tèz evalyasyon pou risk suisid.

3. Elèv ak estaf yo dwe gen opòtinite pou fè dèy nan yon fason ki pa aplodi suisid epi minimize risk pou sa ankouraje lòt moun gen konpòtman suisid oswa tantativ suisid.

a) Lekòl yo dwe fè anpil atansyon nan fason y ap bay enfòmasyon sou lanmò a. Yo dwe resevwa konsantman alekri pou divilge enfòmasyon sou lanmò a nan men fanmi elèv la/estaf avan lekòl la voye nenpòt notifikasyon bay kominote lekòl la. Kominikasyon dwe respekte kondisyon vi prive epi konsidere volonte fanmi an.

4. Lekòl yo dwe gade [Sipò pou kriz](#) pou jwenn resous epi/oswa kontakte Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn yo pou nenpòt kesyon.

C. Yo ta dwe fè yon konferans pou tout estaf lekòl la pi vit posib apre yon suisid pou:

1. Elimine rimè k ap sikile sou suisid la.

2. Devlope yon plan pou fè fas avèk ensidan suisid la nan gwoup salklas endividyèl (pou pèmèt diskisyon ouvè ak fasilite idantifikasyon lòt elèv ki riske suiside tèt yo epi evite imite suisid.

3. Konsidere reyaksyon pèn elèv, estaf ak tout kominote lekòl la.

D. Travayè sante mantal, manm ekip kriz la ak/oswa òganizasyon kominotè ta dwe fè sesyon an tigwoup avèk elèv ak estaf la pou soulaje angwas epi ede rezoud emosyon ki suiv ensidan sa a.

E. Ofri manm fanmi an yon rekòmandasyon pou yo jwenn resous lòt kote pou kontinye sèvis sipò yo nan kolaborasyon ak direktè a.

## VIII. PWOSEDI POU FÈ RAPÒ

A. Sant Enfòmasyon pou Ijans (Emergency Information Center, EIC)

1. Direktè/reprezantan an dwe avèti Sant Enfòmasyon pou Ijans la chak fwa gen yon suisid oswa tantativ suisid nan kominote lekòl la oswa nan ki afekte kominote lekòl la. Direktè/reprezantan an dwe avèti tou direktè pou kriz la nan [crisisupport@schools.nyc.gov](mailto:crisisupport@schools.nyc.gov).

2. Lè EIC resevwa yon rapò, EIC ap kòmanse yon rapò sou entènèt nan sistèm rapò sou entènèt la (Online Occurrence Reporting System, OORS). EIC ap bay lekòl la yon nimewo kontwòl. Nan espas yon jou lekòl, direktè a/reprezantan li dwe gade rapò a, fè mizajou si sa nesèsè, epi voye rapò OORS la ale.

3. Si direktè a/reprezantan an vin konnen yon ensidan ki gen rapò avèk lekòl ke yo dwe rapòte bay EIC andeyò lè regilye EIC fonksyone (sa vle di apre lekòl nan jou lasemèn lè lekòl la pa nan sesyon ak pandan wikenn oswa jou ferye lè lekòl la pa nan sesyon), direktè a/reprezantan an dwe rapòte ensidan an imedyatman bay Direktè Sekirite Borough a epi voye yon imèl bay EIC konsènan ensidan an, lè

I itilize modèl Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn (Office of Safety and Youth Development, OSYD) fè a.

- B. Rapò sou entènèt sou sa ki rive On-line Occurrence Reports (OOR)
1. Direktè a/reprezantan an dwe ranpli yon Rapò suisid nan *Online Occurrence Reporting System* (OORS) la nan espas yon jou lekòl pou rapòte lide suisid, tantativ, oswa suisid. Ou ka rantre nan link DOE OORS la nan [pòtal OORS](#) la.
  2. Direktè a/reprezantan l dwe ranpli yon rapò pou suivi nan OORS nan espas dis (10) jou. Direktè a ka deziyen SPL pou ranpli rapò OORS la.

IX. ASISTANS TEKNIK

Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn (Office of Safety and Youth Development) ka ofri asistans teknik dapre règleman sa a nan devlope plan pou prevansyon ak entèvansyon sou suisid, nan fòmasyon pwofesyonèl ak nan idantifye materyèl edikatif sou prevansyon ak entèvansyon sou suisid.

X. DEMAND RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

Office of School and Youth Development  
Suicide Prevention and Intervention  
N.Y.C. Department of Education  
52 Chambers Street - Room 218  
New York, NY 10007  
Telefòn: 212-374-5501  
Imèl: [CrisisSupport@schools.nyc.gov](mailto:CrisisSupport@schools.nyc.gov)